

Glosè tèm yo

Allele / alèl

Youn nan diferan fòm nan yon sèten jèn. Jèn yo se enstwiksyon ki di kò a kijan pou fè tout diferan pwoteyin kò a bezwen pou travay kòrèkteman. Alèl yo se pati nan makè HLA ki sèvi pou amonize pasyan yo ak donè yo.

Allogeneic transplant / alogrèf

Yon kalite grèf kote yon pasyan resevwa selil ki fòmè san ki bon pou sante li. Selil ki bon pou sante yo kapab soti nan yon manm fanmi, donè ki pa manm fanmi pasyan an, oswa inite san kòd lonbrik.

Apheresis / aferèz

Yon pwosesis pou pran selil ki fòmè san nan kouran sangen ou anvan ou fè yon grèf otològ. Yo itilize aferèz tou pou pran selil ki fòmè san sou yon donè volontè, ki dwe sèvi pou yon alogrèf.

Autologous transplant / grèf otològ

Yon kalite grèf kote yo pran konsève ak remèt selil yon ki fòmè san sou yon pasyan apre kimyoterapi oswa radyasyon.

Blood-forming cells / selil ki fòmè san

Selil ki grandi pou vin globil wouj, globil blan, oswa plakèt. Yo rele selil souch san tou.

Bone marrow / mwèl zo

Tisi moun ak eponj ki andedan zo yo.

Cell sources / sous selil

Men 3 kote yo jwenn selil ki fòmè san:

- Mwèl zo
- San periferik (sikilasyon san oswa kouran sangen)
- San kòd lonbrik

Central venous catheter / katetè santral nan venn

Yon tib long ak mens doktè mete nan yon gwo venn ki nan pwatrin nan oswa nan kou a. Doktè itilize li pou bay medikaman, fliyid ak san. Li rele yon liy santral tou.

Chemotherapy / kimyoterapi

Medikaman ki detwi selil kansè yo oswa ki anpeche yo grandi.

Clinical trial / etid klinik

Yon fason pou rasanble enfòmasyon sou fason yon tretman, tès oswa apwòch patikilye pou yon maladi efikas epi sa reyaksyon negatif yo ka ye.

Cord blood / san kòdon

San yo pran nan kòd lonbrik la ak nan plasanta a apre yon tibebe fèt.

Disease-free survival (DFS) / siviv san maladi

Kantite pasyan ki vivan nan yon sèten moman apre tretman san yo pa gen okenn siy maladi.

Donor / donè

Yon moun ki pote tèt li kòm volontè pou bay selil ki fòmè san nan mwèl zo oswa nan san periferik (sikilasyon san). Yon donè kapab se yon manm fanmi oswa yon donè ki pa manm fanmi pasyan an.

Engraftment / enplantasyon

Lè selil ki fòmè san an kòmanse grandi epi lè yo fè globil ki bon pou sante ki parèt nan san ou.

Formal search / rechèch fòmèl

Yon rechèch detaye NMDP Registry® fè. Rechèch sa a montre si yon posib donè oswa yon posib inite san kòdon se pi konvab pou ou. Rechèch la pa gratis. Asirans ou ka peye oswa ka pa peye pou frè sa yo.

Graft failure / defayans grèf

Gen yon defayans grèf lè nouvo selil yo pa fè globil blan, globil wouj, ak plakèt ou bezwen yo.

Graft-versus-host disease (GVHD) / maladi grèf kont ot

Yon reyaksyon negatif komen yon alogrèf. Sa rive akòz diferans ant selil pa ou yo (ot la) ak selil donè a bay yo (grèf). Nouvo sistèm defans ou, oswa selil ou resevwa nan don yo, ta ka konsidere selil ou yo kòm etranje epi atake yo.

- ACUTE GRAFT-VERSUS-HOST DISEASE / MALADI GRÈF KONT OT GRAV
Anjeneral sa rive nan premye 100 jou oswa plis apre grèf la men li kapab rive pita. Sa afekte po a, lestomak la, entesten yo, ak fwa a pi souvan.
- CHRONIC GRAFT-VERSUS-HOST DISEASE / MALADI GRÈF KONT OT KWONIK
Anjeneral, sa rive 3-6 mwa apre grèf la, men siy yo kapab parèt pi bonè oswa pi ta. Sentòm GVHD kapab gen pou wè ak po a, je-pye yo, bouch la, ak lòt ògàn yo.

Haploidentical transplant / grèf aplo-idantik

Yon kalite grèf kote donè a se yon manm fanmi ki konvnan avèk mwatye makè HLA ou yo. Yo rele li grèf nan menm fanmi an ki konvnan a mwatye oswa ki konvnan anpati.

Harvest / kòlèk

Yon fason pou pran selil ki fòmè san nan mwèl zo a anvan yon grèf otològ. Epiou se yon fason pou pran selil ki fòmè san sou yon donè volontè ki dwe sèvi pou yon alogrèf. Yo rele li yon kòlèk mwèl zo tou.

HLA (human leukocyte antigen) / antijèn lekosit imen

Yon pwoteyin, oswa makè yo jwenn nan pifò selil ki nan kò ou. Gen sèten makè HLA doktè ou ap analize pou grèf. Ou jwenn mwatye makè nan manman ou ak lòt mwatye a nan papa ou.

Immune system / sistèm defans

Pati nan kò ou (globle yo ak ògàn yo) k ap batay kont enfeksyon.

Informed consent / konsantman ki baze sou enfòmasyon

Lè yo ba ou enfòmasyon tankou posib risk ak avantaj anvan ou dakò pou yon tretman oswa yon etid klinik.

Marrow or cord blood transplant / grèf mwèl zo oswa san kòdon

Yon pwosesis pou ranplase mwèl zo ki pa an sante avèk mwèl zo ki an sante. Yo rele li grèf mwèl zo, grèf selil souch, oswa BMT tou.

Peripheral blood stem cells / selil souch san periferik

Selil ki fòmè san nan san k ap sikile a (kouran sangen).

Platelets / plakèt

Pati nan san an ki ede san an kaye.

Preliminary search / rechèch preliminè

Yon rechèch gratis NMDP Registry fè. Rechèch sa a montre posib donè ak inite san kòdon nan rejis la ki kapab konvnan pou makè HLA ou yo.

Preparative regimen / rejim preparatif

Pwosesis pou prepare kò ou pou resevwa nouvo selil ki fòmè san yo. Li rele rejim kondisyonman tou.

Red blood cells / globil wouj

Selil san ki mennen oksijèn toupatou nan kò a.

Reduced-intensity transplant / grèf entansite redui

Rejim preparatif ki itilize dòz kimyoterapi ki pi fèb avèk oswa san radyasyon.

White blood cells / globil blan

Selil san ki batay kont enfeksyon.



At every step, we're here to help

NMDP® gen yon ekip ki devwe pou ba ou enfòmasyon ak sipò anvan, pandan, ak apre gref la. Ou ka kontakte Sant Sipò Pasyan nou an pou poze kesyon ou ka genyen sou gref, mande sipò pwofesyonèl oswa sipò kanmarad, oswa resevwa dokiman pou edikasyon pasyan gratis.

Rele: 1 (888) 999-6743 | Imèl: patientinfo@nmdp.org | Sitweb: nmdp.org/one-on-one



Sitiyasyon medikal, eksperyans gref, ak gerizon chak moun diferan. Ou ta dwe toujou kontakte ekip grèf ou oswa doktè fanmi ou konsènan sitiyaasyon ou. Enfòmasyon sa yo pa la pou ranplase ni yo dig ta dwe ranplase jij man oswa konsey medikal yon dokte.